

PRANATACARA 1

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Kawilujengan miwah katentreman mugè tansah kajiwa kasarira déning kula lan panjenengan sadaya sinartan berkah saha rahmatipun Gusti Allah.

Innalillahi wa inna ilaihi raji'un

Sampun tinimbalan marak sowan wonten ngarsa dalem Gusti Allah Ingkang Murba ing Gesang Almarhum/ah (namanipun ingkang séda), rikala (wancinipun séda) ingkang puput yuswa (yuswanipun ingkang séda) kanthi tentrem.

Agunging puji pangalembana namung konjuk wonten Ngarsa Dalem Gusti Allah SWT ingkang amurba amisésa sadaya titah sajagad raya, inggih awit sih wilasanipun kula lan panjenengan sadaya saged lenggah saha pepanggihan ing sasana punika saperlu asung béla sungkawa dhateng bapak/ibu (naming kulawarga ingkang katilar) sakulawarga awit sédanipun almarhum/ah (namanipun ingkang séda).

Nuwun,

Dhumateng para pinisepuh, sesepuh dalasan aji sepuh ingkang anggung amastuti dhateng pepoyaning kautamèn, Para satriya pangemban pangembating praja ingkang minangka pandam pandom saha pepanutaning para kawula dasih kaswasih ingkang pantes sinudarsana, Para alim ulama ingkang datan kendhat tansah ngudi rèh ing panembah dhumateng Gusti Ingkang Maha Mirah, Sumrambah dhumateng para Muta'ziin miwah muta'ziah ingkang saèstu luhuring budi. Langkung rumiyin mugè keparenga panjenengan sadaya kersaa paring sèwu agunging pangaksami dhateng dhiri pribadi kula déné sampun kumawani njejer wonten ngarsa panjenengan sami, saha anigas wacana pangandikan panjenengan sadaya. Inggih awit mundhi dhawuh saha keparengipun kulawarga ingkang katembèn nandhang duhkita, kula kadhawuhan ndhèrèkaken lumaksitaning adicara upacara pangrukti saha pametaking layon almarhum/ah (namanipun ingkang séda) wonten ing titi kalenggahan punika.

Para asung béla sungkawa kakung miwah putri ingkang kinormatan, mugè keparenga kula maosaken menggah rantamaning adicara upacara pangrukti saha pametaking layon almarhum (namanipun ingkang séda) ingkang sampun rinantam déning para paramparaning kulawarga (nama kulawarga duhkita) ingkang ing mangké badhé katindakaken.

Sepisan pambuka, kalajengaken acara ingkang angka kalih nuwun inggih waosan Pustaka suci Al Qur'an ingkang ing mangké badhé katindakaken déning (namanipun ingkang maos). Saparipurnanipun waosan pustaka Suci Al Qur'an ing mangké kulawarga duhkita badhé ngaturaken pambagyaharja dhumateng para-para asung béla sungkawa, ingkang ing mangké badhé dipunsalirani déning (namanipun ingkang nyalirani).





Acara ingkang kaping sekawan inggih punika atur béla sungkawa saha panglipur saking para-para asung béla sungkawa tumanduk dhumateng kulawarga duhkita, ingkang ing mangké badhé dipunsalirani déning panjenenganipun (namanipun ingkang nyalirani).

Acara ingkang kaping gangsal nuwun inggih upacara bidhaling layon saking dalem duhkita tumuju dhateng sasana laya (namanipun makam) ingkang ing mangké badhé kapratitisaken déning panjenenganipun (Ro'is). Kanthi paripurnanipun upacara bidhaling layon mracihnani kalamun adicara upacara pangrukti saha pametaking layon punika ing mangké ugi paripurna. Para rawuh asung béla sungkawa kakung miwah putri ingkang satuhu luhuring budi makaten menggah rantamaning acara upacara pangrukti saha pametaking layonipun almarhum/ah (namanipun ingkang séda).

Murih adicara upacara punika wiwit purwa madya ngantos dumugining wasana saged lumampah widada nir ing sambékala

Saking kula pribadi temtu kémawon kathah kekiranganipun, saé saking pangrakiting ukara punapa malih suba sita, jer kula namung titah sawantah ingkang tebih saking kasampurnan. Pramila mugi keparenga panjenengan sadaya kersa paring samodraning pangaksama dhateng dhiri pribadi kula. Pungkasaning atur kula,

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?



PRANATACARA 2

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Merdhéka, Merdhéka, Merdhéka!

Kawilujengan saha karahayon mugé tansah kajiwa kasarira déning kula lan panjenengan sadaya sinartan berkah saha rahmatipun Gusti Allah ingkang Murbèng Bawana. Agunging puji pangalembana namung konjuk wonten Ngarsa Dalem Gusti Allah SWT ingkang amurba amisesa sadaya titah ingkang sampun cinipta ing jagad pramudita, inggih awit sih wilasanipun kula lan panjenengan sadaya saged nglempak lenggah ing sasana punika saperlu nindakaken tirakat kanggé hamèngeti dinten kamardikan Nagari Republik Indonesia ingkang kaping 79.

Dhumateng panjenenganipun para pepundhèn sepuh ingkang kinurmatan. Ibu bapak saha para kadang wredha miwah tumaruna warga Dusun Trimasan ingkang bagya lan mulya.

Langkung rumiyin mugé keparenga panjenengan sadaya kersa paring séwu agunging pangaksami dhateng dhiri pribadi kula, déné sampun kumawani matur wonten ngarsa panjenengan sadaya. Inggih awit keparengipun para kadang panitiya, kula kadhawuhan ndhèrèkaken lumaksitaning adicara tirakatan Pèngetan Kamardikan Nagari Republik Indonesia ingkang kaping 79 taun wonten ing titi kalenggahan punika. Para lenggah ingkang tansah gumbira ing manah, langkung rumiyin mugé keparenga kula maosaken menggah rantamaning adicara tirakatan ing dalu punika.

1. Pambuka
2. Atur palapuran saking pangesuhing panitia pèngetan kamardikan RI kaping 79 taun
3. Pamedhar sabda saking pangesuhing RT.03/RW.02 Dusun Trimasan
4. Donga kagem para Pahlawaning nagari
5. Gelaring seni saking warga
6. Panutup

Ibu, bapak saha para kadang ingkang hinaywan Gusti Ingkang murbèng dumadi, makaten menggah rantamaning adicara tirakatan Pèngetan Kamardikan Nagari Republik Indonesia ingkang kaping 79 taun ing dalu punika. Murih sadaya ingkang sampun rinantam punika saged lumampah kanthi widada nir ing sambékala, sumangga adicara punika pinurwakan kanthi kula panjenengan sami ndedonga manengku puja wonten ngarsanipun ingkang wenang Murba. Ndedonga kula dhèrèkaken. Sumangga.

Para kadang warga Dusun ingkang satuhu kinurmatan, sampun binuka korining adicara kanthi donga kula panjenengan sadaya, tumapak acara salajengipun inggih punika ... lan salajengipun.





Wiwit purwa madya ngantos dumugi nyaketi wasananipun adicara tirakatan ing dalu punika sampun lumampah kanthi widada kalis ing rubéda nir ing sambékala, kanthi punika sumangga panjenengan sadaya kula dhèrèkaken ngaturaken syukur dhateng Allah SWT kanthi maos tahmid sesarengan. Alhamdulillah rabbil ‘alamin.

Inggang salajengipun saking kula pribadi inggang tinanggenah ndhèrèkaken lumaksitaning adicara tirakatan Pèngetan Kamardikan Negari Republik Indonesia inggang kaping 79 taun punika temtu kémawon kathah kekiranganipun, saé saking pangrakiting ukara punapa malih suba sita, jer kula namung titah sawantah inggang tebih saking kasampurnan turta cubluk ing pangertosan. Pramila mugi keparenga panjenengan sadaya kersaa paring samudraning pangaksama dhateng dhiri pribadi kula.

Pungkasaning atur kula Wassalamu’alaikum Wr. Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

3. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
4. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?

